



Pou Piblikasyon Imedya: 26/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MTA DEPASE YON MILYA KAT OMNY YO PASE

Yo pase kat nan tout estasyon metwo ak liy bis

Itilizatè OMNY yo soti nan tout 195 peyi ki emèt kat kredi

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke kliyan Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) yo te pase kat nan sistèm transpò a plis pase yon milya fwa nan itilize sistèm peman tarif OMNY an. Pou selebre sa, responsab yo te resevwa dansè selèb klakèt Ja'Bowen Dixon nan estasyon metwo 74 St-Jackson Heights, kote milyadyèm pasaje a, Candida Alfonso, te pase kat nan sistèm lan a 10:47 AM epi te resevwa yon sak kado OMNY konplè avèk yon montan 100 dola OMNY nan pòtfèy dijital yo, yon kaskèt bezbòl ak yon mayo OMNY.

"Pandan n ap kontinye travay pou founi transpò ki pi sekirite, pi pwòp ak pi rapid, rive nan yon milya kat OMNY yo pase se prèv ke travay di nou ap pote rezilta", **Gouvènè Hochul te deklare.** "OMNY se yon eleman kle nan efò nou pou modènize MTA ak rann li pi fasil pou moun deplase atravè New York. Mwen fyè dèske nou atenn etap enpòtan sa a, epi mwen pa ka tann pou nou kontinye bati sou pwogrè nou nan ane k ap vini yo".

Kliyan yo te itilize OMNY pou pase kat yo nan tout 472 estasyon metwo yo. Kliyan ki te pase kat yo pou pran liy 204 bis lokal yo ak 31 bis eksprès avèk OMNY. OMNY kontinye agrandi. Prèske mwatye nan tout pasaje metwo yo ap itilize OMNY pou pase kat yo nan sistèm nan kote de milyon pasaje itilize OMNY chak jou. OMNY te trete kat ki soti nan 195 peyi ki emèt kat labank ak 68 pousan nan tranzaksyon OMNY yo te fèt atravè kliyan ki pase pòtfèy dijital yo nan telefòn oswa aparèy pòtab.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Nouyòkè yo toujou an deplasman epi pa janm ralanti, sa ki fè li esansyèl pou nou bay mwayen ki pi rapid ak pi fasil pou peye tarif transpò nou. Kliyan yo nan chak arè nan metwo ak atravè chak liy bis te enskri, ki pi bon apwobasyon pase sa"?

Direktè Pwovizwa Sèvis Kliyan MTA, Shanifah Rieara, te deklare, "Kliyan bis ak metwo yo te viv fasilite OMNY dirèkteman avèk plis pase yon milya kat yo pase epi mwen pa ka tann pou plis kliyan dekouvri avantaj li yo. OMNY, ki pa mande pou rechaje

kont lan davans, ap pwouve li se opsyon ki pi ekonomik, sekirize ak san pwoblèm pou kliyan yo; tout sa w gen pou fè se pase l pou w vwayaje".

Manm Asanble Catalina Cruz te deklare, "OMNY te vreman rann lavi Nouyòkè yo pi fasil. Jodi a, nou selebre 1 milya kat OMNY ki pase nan MTA, sa ki fè sistèm nou an pi konvenab pou plizyè milyon Nouyòkè. Pandan pandemi COVID-19 la, sa te rann sistèm nou an pi konvenab tou pèmèt pasaje yo pase kat san kontak. Mwen kontan anpil pou m wè avni OMNY ak MTA nan gwo Vil nou an!"

Prezidan Minisipalite Queens, Donovan Richards Jr., te deklare, "Tout Nouyòkè vle ak merite yon sistèm transpò an mas ki rapid ak efikas. Sistèm OMNY an se te yon eleman kle nan kastèt la pandan n ap travay pou nou kreye yon sistèm konsa — jis mande nenpòt moun ki pase nan yon tounikè metwo oswa monte nan yon bis sèlman nan pase kat yo yon sèl fwa. Felisitasyon pou MTA paske yo atenn 1 milya kat OMNY ke moun yo pase. Biwo mwen an pa ka tann pou yo wè patenarya nou k ap kontinye pandan n ap fè sistèm transpò nou an vin pi fyab pou tout Nouyòkè yo, kèlkeswa kòd postal yo oswa sityasyon sosyal ak ekonomik yo".

Yon milyadyèm kliyan ki pase kat OMNY an, Candida Alfonso, te deklare, "Mwen te premye kòmanse itilize OMNY egzakteman nan menm moman ak pandemi an nan mwa mas. Mwen ede pran swen moun ki malad, kidonk, kòm yon travayè esansyèl, mwen te bezwen soti nan lajan kach pou pase nan OMNY. Sa se arè mwen kote mwen pran tren 7 la".

Kliyan ki gen frè redui yo te ede rann atent etap yon milya a posib akòz yo kapab itilize aparèy pèsonèl ak kat san kontak pou yo pase avèk OMNY depi oktòb pase a. Nou ankouraje kliyan yo pou yo fè chanjman byen fasil soti nan MetroCard sou entènèt pou pase nan asistan dijital OMNY, ki disponib 24/7 nan [OMNY.info](https://www.omny.info). [Videyo eksplikatif sa a](#) gen plis enfòmasyon.

OMNY se sistèm peman tarif san kontak MTA — epi li se fason ki pi fasil, pi sekirize ak pi fleksib pou peye metwo a oswa tarif bis la ak jwi transfè gratis ak vwayaj gratis yo genyen gras a limit tarif la. Vwayajè yo pa bezwen enskri oswa telechaje aplikasyon, oswa menm ajoute lajan davans pou yo ka itilize OMNY; yo sèlman itilize kat kredi oswa debi san kontak yo, telefòn entelijan yo, aparèy pòtab yo oswa kat OMNY pou yo pase epi ale. Tcheke [isit la](#) pou plis detay.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)